

# SIBVANSYON KOMINOTÈ 2023

**Aplikasyon pou Sibvansyon Kominotè 2023 a louvri depi lendi 23 janvye jiska vandredi 10 mas pou aksepte pwopozisyon. [Aprann plis epi aplike isit la.](#)**

Se avèk anpil rekonesans ke Fondasyon Miami an ap investi nan yon Greater Miami ki pi solid, ki pi ekitab atravè pwogram Sibvansyon Kominotè nou an. Depi plis pase 50 ane, nou ap bati fon donasyon sa a ansanm ak kèk benefaktè jenere pou kreye yon resous kominote pèmanan ki pèmèt nou investi nan Miami kote ki gen bezwen ki pi ijan ak pi gwo opòtinite.

**Nou te koute sa kominote a te di nou, epi n ap fè gwo chanjman nan Sibvansyon Kominotè 2023!**

Fondasyon Miami angaje nan filantwopi ki baze sou konfyans ak ekite nan fason sa yo::

- Investi nan operasyon jeneral ki ap ede bati misyon an.
- Chanje investisman anyèl yo pou sibvansyon pandan dezan sou plizyè ane.
- Diminye pwosesis pwopozisyon de etap nou an a yon sèl etap.

Nou itilize opinyon kominote a pou n devlope yon pwogram ki toujou ap grandi e k ap evolye pou sèvi rezidan yo atravè Miami-Dade County. Yon mès espesyal a Fondasyon Frederick A. DeLuca ak Konte Miami-Dade la pou bon jan patenarya yo nan pwochenn tou sibvansyon sa a k ap vini an!

Tanpri li direksyon yo ak anpil atansyon, epitou li kesyon pwopozisyon yo mande, ak Kesyon yo Poze Souvan (FAQ) ki nan fen dosye a. Gid yo eksplike pwosesis aplikasyon an ak kijan pou konekte avèk ekip Fondasyon an. Materyèl sa yo disponib tou an panyòl ak kreyòl Ayisyen, yon fason enpòtan pou òganizasyon san bi likratif yo angaje divès kominote yo epi fòme plan pwopozisyon yo. Aplikasyon yo dwe fèt an angle.

Nou espere travay ak aprann ansanm avèk nou tout.

Dat limit pou soumèt pwopozisyon final yo se vandredi 10 mas 2023 a 11:59 p.m.

## KATEGORI FINANSMAN

Fondasyon Miami pral bay sibvansyon atravè sis kategori ki dekri anba a. Nou pataje entansyon nou nan deskripsyon kategori yo, men sa pa ta dwe limite ki apwòch ou vle pran. Chak aplikan ka soumèt yon sèl aplikasyon pou yon sèl kategori – tanpri li seksyon Elijibilite a pou kèk eksepsyon.

- **Aksè a Sante ak Byennèt** | Konekte moun ak bon jan resous ak edikasyon yon fason pou amelyore rezilta sante, diminye disparite nan sante, oswa abòde faktè sosyal ki detèmine kalite sante yon moun.
- **Estabilite Ekonomik** | Bay rezidan ki fè fas ak lavi chè yo aksè a opòtinite ki ankouraje mwayen pou okipe tèt yo, antreprenarya, endepandans finansye, oswa estabilite pèsònèl.
- **Enklizyon Moun ki gen Divès Kapasite** | Ogmante opòtinite pou moun ki andikape yo pou ankouraje enklizyon ak ekite atravè tout aspè kominote a. *Kategori sa a posib gras a Fon Sofia Isabel Soto pou Enklizyon Moun ki gen Divès Kapasite, nan memwa Sofia Isabel, pitit fi ansyen Prezidan ak Direktè Jeneral Fondasyon Miami an, Javier Alberto Soto.* [Gade deskripsyon kategori finansman sa a isit la](#)
- **Enspire Atizay ak Kilti** | Itilize pouvwa atizay ak kilti pou ranfòse kominote a. Finansman yo pral pote sipò pou travay k ap valorize divèsite nan kominote nou an, ofri plis opòtinite pou rezidan yo jwenn aksè nan aktivite atistik ak kiltirel, epi/oswa ogmante opòtinite pou ekspresyon atistik.
- **Anviwonman Dirab** | Devlope yon kominote ki pi an sante, ki pi fleksib atravè edikasyon sou anviwonman ak aksyon pou restorasyon Biscayne Bay (Yon Dlo, Yon Bè ), prezèvasyon rejyon Everglades la, pwoteje kominote nou yo kont efè chalè ekstrèm yo, ogmante opòtinite pou prezèvasyon dlo oswa devlope konsyantizasyon ak aksyon sou kriz klimatik la ak efè lokal li yo. [Gade deskripsyon kategori finansman sa a isit la.](#)
- **Devlopman Jèn ak Fanmi** | Ofri plis opòtinite pou fanmi (soti nan timoun piti jiska granmoun aje) kapab pwospere atravè bon jan kalite edikasyon, devlopman pèsònèl, ak travay pou asire sekirite ak estabilite.

## PRIYORITE

Priyorite nou koresponn ak valè nou espere aplike yo ansanm ak patnè san bi likratif nou yo. Eitou priyorite nou yo sèvi kòm gid nan revizyon aplikasyon an, kidonk nou ankouraje w pou byen li seksyon sa a pandan w ap devlope pwopozisyon w la.

- **Pwomosyon jistis pou moun ak kominote majinalize yo** | Nou bay òganizasyon k ap travay dirèkteman ak kominote ki fè fas a majinalizasyon yo priyorite pou konbat inegalite ki genyen sou zafè ras, laj, etnisite, idantite sèks, oryantasyon seksyèl, diferan andikap, ak lòt diferans.
- **Konsantre sou pwogrè** | Nou sipòte òganizasyon ki itilize objektif klè nan travay yo pou devlopman moun ak kominote yo. Tout patnè yo pral gen gwo potansyèl pou kreye opòtinite nan yon tan byen detèmine, ki gen enpak pou moun ak kominote yo ka avanse epi pwospere.
- **Kreye solisyon** | N ap bay priyorite a patnè yo k ap pouswiv chanjman solid k ap dire lontan pou moun ak kominote yo. Òganizasyon yo ta dwe mete presizyon sou kisa ki pwoblèm (yo) oswa defi (yo) y ap chèche rezoud aktyèlman pou rezidan yo ka reyalize tout potansyèl yo.
- **Kolabore ak kominote a** | Nou bay priyorite a òganizasyon ki gen lidèchip ki reprezante e ki ankouraje patisipasyon kominote yo sèvi yo, espesyalman sa yo ki entansyonèlman rasanble sijesyon kominote a pou gide travay yo. Nou kwè nan yon relasyon otantik ak kominote a epi ak lidèchip rezidan yo.
- **Dirabilite** | Nou sipòte bon jan kalite travay, epitou nou bay priyorite a pwojè ki pral ranfòse òganizasyon k ap sèvi moun ki plis sibi majinalizasyon ak inegalite. N ap aksepte sèlman pwojè nan men òganizasyon ki pral sèvi ak lajan yo resevwa a, pou ranfòse kapasite yo ak konpetans yo pou sèvi moun ki pi defavorize yo nan Miami.

## ELIJIBILITE

Kandida ki elijib yo enkli òganizasyon charitab piblik 501(c)(3) ki an règ ak IRS, òganizasyon relijye yo, ak ajans leta k ap sèvi Konte Miami-Dade la. Pwojè ki gen yon patwonè fiskal IRS 501(c)(3) elijib pou aplike tou.

- **Lokalizasyon** | Travay yo pwopoze a dwe sèvi rezidan Konte Miami-Dade yo. Menmsi nou pral bay kandida lokal yo preferans, òganizasyon an pa oblije chita nan 'Greater Miami' an.
- **Konfòmite** | Si ou gen yon sibvansyon aktyèlman atravè nenpòt pwogram fondasyon, ou dwe an règ ak sibvansyon sa a pou aplike. Tanpri kontakte moun ki responsab sibvansyon w lan pou nenpòt kesyon ou ta genyen.
- **Kantite Aplikasyon** | Chak kandida ka soumèt yon sèl aplikasyon nan yon sèl kategori. Kolèj, inivèsite, ak gouvènman lokal yo ka soumèt jiska twa aplikasyon, chak nan yon departman oswa kolèj diferan. Ou ka jwenn lòt eksepsyon pou kalifikasyon nan seksyon FAQ ki anba a.
- **Aplikasyon pou patenarya** | Nou ankouraje kolaborasyon. Pou kolaborasyon ant de oswa plis òganizasyon san bi likratif, patnè yo ta dwe chwazi yonn nan yo pou sèvi kòm kandida prensipal la. Nenpòt lajan òganizasyon an resevwa, yo dwe itilize l sèlman pou objektif travay patenarya a, epi kandida prensipal la pral responsab pou jere fon yo nan non patnè yo. Epitou, òganizasyon k ap aplike a kapab soumèt yon aplikasyon endividyèl separe pou pwòp òganizasyon pa l la.

**Kantite Sibvansyon an** | Kantite lajan sibvansyon yo pral depann de bidjè fonksyonman anyèl yon òganizasyon kòmanse nan \$30,000 rive jiska \$70,000 dola pandan dezan. Tout sibvansyon an, distribye nan yon peryòd de dezan, pral baze sou bidjè fonksyonman anyèl yon òganizasyon ki genyen;

- **Mwens pase \$ 500K | \$40,000 Prim total**
- **Ant \$500K - \$1M | \$50,000 Prim total**
- **Ant \$1M - \$5M | \$60,000 Prim total**
- **Pi wo pase \$ 5M | \$70,000 Prim total**

**Kalite Finansman** | Tout sibvansyon yo pral fèt ak entansyon pou sipòte devlopman yon misyon ak fonksyonman li. Fondasyon Miami p ap dikte moun k ap resevwa sibvansyon yo kijan yo ta dwe itilize lajan an. Nou espere finansman sa a pral ede patnè nou yo vin pi solid. Nou konsidere tout sibvansyon yo kòm yon finansman jeneral òganizasyon san bi likratif la gen dwa itilize ak diskresyon pou sipòte misyon li pwopoze a.

**Apwòch** | Nou aksepte pwopozisyon òganizasyon ki soti nan tout sektè, ni sa ki bay sèvis dirèk, sèvis defans, òganizasyon kominotè, patenarya, ak lòt inisyativ ki apwopriye.

**Restriksyon** | Jan règ IRS egzije, yon òganizasyon pa ka itilize lajan sibvansyon an: a) pou fè aktivite lobbying b) pou travay patizan politik c) pou peye vwayaj, etid yon moun oswa pou lòt rezon parèy a sa, oswa pou fè yon sibvansyon pou lòt òganizasyon oswa (d) pou antreprann nenpòt lòt aktivite ki pa gen rapò ak pwojè charitab oswa edikasyonèl ke ou te resevwa lajan pou li a.

## PWOSESIS APLIKASYON

**N ap aksepte aplikasyon depi lendi 23 janvye 2023 jiska vandredi 10 mas 2023.**

Kandida dwe aplike sou platfòm Fondasyon an [Submittable](https://themiamifoundation.submittable.com) platform ([themiamifoundation.submittable.com](https://themiamifoundation.submittable.com)), kote yo pral ka seleksyone “Community Grants 2023 Proposal.” Ou ka konekte ak yon kont ki egziste deja oswa bay non ak adrès imèl ou pou ka kreye yon kont gratis. Nan etap konplè pou ranpli aplikasyon an ap gen opsyon pou òganizasyon yo mete videyo ak diferan medya pou pataje travay ak enpak efò travay yo genyen sou kominote a.

Pwosesis aplikasyon pou Sibvansyon Kominotè a genyen aktyèlman yon sèl etap: N ap aksepte aplikasyon konplè tout òganizasyon ki kalifye pou resevwa sibvansyon yo. Ou ka jwenn tout kesyon sou aplikasyon an nan paj 4-5.

## KONSEYE KOMINOTÈ

Se manm kominote a ak sipò pwofesyonèl nan fondasyon an ki fòm komite k ap evalue aplikasyon konplè yo. Sa garanti nou itilize pèspektiv pèsònèl ak pwofesyonèl ki gen rapò ak chak kategori finansman an. Ane sa a nou te fè yon rekritman agresif pou nou te rasamble diferan kalite kandida ak lidè kominotè. Depi ane pase, nou te pwomote wòl Evalyatè Kominotè a Konseye Kominotè pou nou ogmante patisipasyon yo depi nan kreyasyon pwogram nan.

Revizyon ak evalyasyon sibvansyon yo pral fèt an konsiltasyon avèk konseye yo, pou asire yo konsidere plizyè faktè nan seleksyon final yo. Pwosesis final pou seleksyone aplikasyon an vin pi apwofondi lè Konseye Kominotè yo patisipe nan pwosesis deliberasyon an, epi sa pèmèt ke desizyon ki pran sou investisman Sibvansyon Kominotè yo rete santre sou kominote a. Nou kanpe fèm pou garanti ke pwosesis pwogram Sibvansyon Kominotè yo kontinye evolye pou kominote a, pa kominote a, epi avèk kominote a.

## KONEKTE AVÈK NOU

**Orè biwo** | Nou ankouraje tout òganizasyon k ap konsidere aplike, sitou kandida k ap aplike premye fwa yo, pou yo enskri pou yon reyinyon (ki pa obligatwa) k ap dire 20 minit ak yon anplwaye Fondasyon an. Reyinyon prive sa yo ap bay opòtinite pou aprann plis sou pwogram nan, pataje travay ak enpak ou nan kominote a, epi poze nenpòt kesyon ou ka genyen. [Klike la pou pran randevou ak nou atravè Calendly.](#)

**Wèbinè enfòmasyonèl** | Ekip Fondasyon an pral ofri yon wèbinè enfòmasyonèl pou kandida ki enterese madi 24 janvye a 11 a.m [Klike isit la pou ka enskri.](#)

**Sipò pou ekri pwopozisyon** | Radical Partners, k ap kolabore ak nou depi lontan pral ofri konsèy ak bon pratik yon kandida ta dwe itilize pou soumèt aplikasyon li. Tcheke regilyèman pou jwenn mizajou sou fason pou w enskri.

### Kalandriye

- **Aplikasyon Ouvè: Lendi 23 janvye 2023** [Klike isit la](#)
- **Delè pou soumèt aplikasyon an: Vandredi, 10 mas 2023, a 11:59 pm .**
- **Estimasyon Dat Notifikasyon pou Distribisyon Sibvansyon: Disi lendi 12 jen 2023**
- **Peryòd Sibvansyon: 1ye jiyè 2023, jiska 30 jen 2025**

**Kontak pou pwogram nan** | Vicky Checo, Direkè Angajman Kominotè,, [vcheco@miamifoundation.org](mailto:vcheco@miamifoundation.org)

## KESYON SOU APLIKASYON POU SIBVANSYON KOMINOTÈ

**Etap Aplikasyon konplè** | Nou envite tout moun pou soumèt yon aplikasyon konplè. Aplikasyon konplè a pral pèmèt tout òganizasyon ki elijib yo pataje pwoblèm kominotè y ap adrese a, epi pale de popilasyon y ap sèvi a ak rezon ki fè oganizasyon yo a pi byen plase pou fè sa. Menn kant ekip ou a ka pa pi byen ekipe, nou vle konnen ki jan yon Sibvansyon Kominotè pral sipòte misyon w lan. Nou ap envesti nan siksè òganizasyon w lan! Di nou kijan yon sibvansyon pou fonksyonman òganizasyon w lan ap ranfòse kapasite w pou ogmante enpak ou.

### Kesyon Demografik

- **Pwofil Òganizasyon an** | Pataje enfòmasyon kontak ou , bidjè w ak kantite anplwaye ki nan òganizasyon an, ak tout enfòmasyon sou divèsite, ekite ak enklizyon. Chwazi yon kategori finansman epi bay yon deklarasyon tou kout sou misyon òganizasyon an ak objektif travay w ap pwopoze a.

### Kesyon naratif pou pwopozisyon konplè

1. Ki deklarasyon misyon òganizasyon w lan?
2. Dekri pwoblèm kominotè lokal òganizasyon w lan ap adrese a. (150 mo)
3. Dekri kijan òganizasyon w lan byen plase pou l reyalize vizyon w. Ou ka enkli patenarya ki enpòtan, ekspètiz anplwaye, travay k ap fèt. (250 mo)
4. Ki sa òganizasyon w lan fè espesyalman byen? Kijan ou fè konnen ou fè li byen? (300 mo)
5. Dekri popilasyon w ap vize a ak estrateji prensipal ou itilize pou angaje yo. (100 mo)
6. Pale nou de pwogram prensipal òganizasyon w lan nan kategori w chwazi a. Tanpri pataje jiska twa (3) istwa sou fason òganizasyon w lan te fè yon enpak pozitif sou popilasyon w vize a. (400 mo)
7. Kijan travay òganizasyon w lan ap pwomote ekite pou moun ak kominote ki te istorikman majinalize yo? (100 mo)
8. Kijan òganizasyon w lan gen entansyon itilize fon sibvansyon yo si w resevwa l? (Chwa miltip)
9. Dekri an plis detay kijan w konte itilize fon sibvansyon an ak kijan li pral sipòte epi rann misyon òganizasyon w lan pi dirab. (100 mo)

### Dokiman Obligatwa pou Aplikasyon Konplè

- Bidjè Aktyèl pou Fonksyonman Anyèl
- Lis Aktyèl Konsèy Administrasyon an
- **Enfòmasyon Sipleman (pa obligatwa):** Telechaje nenpòt enfòmasyon adisyonèl ou ta renmen pataje sou travay ou tankou videyo, foto, nouèl, oswa yon rapò tou kout. Nou rekòmande w pataje pa plis pase senk paj enfòmasyon oswa senk minit videyo.

## KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ

### ENFÒMASYON SOU PWOGRAM NAN |

#### Ki kote finansman pou Sibvansyon Kominotè yo soti?

Depi 1967, plis pase 100 benefaktè jenere te kreye fon dotasyon pèmanan nan The Miami Foundation. Yo te banou responsabiltè pou nou sipòte pwoblèm ki enpòtan pou yo, pou letènite. Chak ane, nou itilize yon pousantaj nan depans fon an ke konsèy administrasyon an apwouve pou adrese bezwen aktyèl Greater Miami pandan n ap onore entansyon donatè yo. Fon dote sa yo founi majorite finansman Sibvansyon Kominotè ki disponib yo.

Fondasyon an pran angajman tou pou l ogmante fon ki disponib yo atravè Sibvansyon Kominotè yo. Ane sa a, n ap kolabore ak yon rezo filantwòp pou ogmante kantite lajan ki disponib pou kominote nou an. N ap kontinye ranmase lajan, men pwogram la pral envesti omwen \$6 milyon dola nan sis kategori finansman yo. Nou pral pataje mizajou sou kantite lajan ki disponib pou chak kategori pandan tout pwosesis pwogram nan. Yon mès espesyal a Fondasyon Frederick A. DeLuca ak Konte Miami-Dade pou bon jan patenarya yo nan pwochen tou sibvansyon sa a k ap vini an!

#### Ki òganizasyon ki kalifye pou aplike? Èske lokalizasyon òganizasyon an enpòtan?

Tout òganizasyon charitab piblik 501(c)(3) ki an règ ak IRS, òganizasyon relijye, ak ajans leta k ap sèvi konte Miami Dade elijib pou aplike. Pwojè ki gen yon patwonè fiskal IRS 501(c)(3) elijib tou. Pwojè yo pwopoze a dwe sèvi rezidan nan konte Miami-Dade. Òganizasyon san bi likratif ou a pa oblije gen katye jeneral li nan konte Miami-Dade, men nou ankouraje òganizasyon ki baze deyò Greater Miami pou kolabore ak patnè lokal yo pou yo ka pi efikas.

#### Ki kalite pwojè ou pral konsidere?

Nou envite yon varyete òganizasyon kote travay yo koresponn ak kategori finansman yo ki gen ladan sèvis dirèk, òganizasyon kominotè, patenarya, ak lòt kalite ki koresponn ak misyon w epi ak vizyon w. Restriksyon IRS sou itilizasyon finansman 501(c)(3) yo toujou aplikab.

### ENFÒMASYON SOU APLIKASYON AK SIBVANSYON AN |

#### Kòman pou m soumèt aplikasyon m nan sou platfòm nan?

Tanpri voye tout aplikasyon yo sou entènèt atravè platfòm 'Submittable' Fondasyon an (themiamifoundation.submittable.com). Epi, chwazi fòm "Community Grants 2023 Proposal" la. Chak kandida pral konekte ak yon kont Submittable ki deja egziste oswa kreye yon kont gratis lè yo bay yon non ak adrès imel. Sa a diferan de yon kont Spectrum ou te petèt itilize anvan. Si w bezwen sipò teknik, tanpri vizite Submittable's Help Center.

Platfòm Submittable la pèmèt kandida yo konsève pwogrè yo epi retounen pita, kidonk ou pa bezwen ranpli aplikasyon w lan yon sèl kou. Tanpri asire w ke ou konekte sou kont Submittable ou an pou byen konsève enfòmasyon w. Pandan w ap ranpli aplikasyon w lan, nou rekòmande pou konsève repons ou



## KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ

yo nan yon dosye separe pou evite pwoblèm teknik.

### Ki enfòmasyon w pral chèche?

Nou rekòmande pou byen li priyorite pwogram Sibvansyon Kominotè yo pandan w ap ekri repons ou an, paske evalyatè yo pral bay aplikasyon ki koresponn ak priyorite nou yo plis konsiderasyon. Nou rekòmande tou pou w pran randevou ak ekip Fondasyon an pou diskite aplikasyon w lan epi poze nen-pòt kesyon ou ka genyen. Travay nou nan kategori sa a eksperimental pandan n ap teste fason finansman nou an ka gen plis enpak, kidonk nou espere aprann nan men patnè nou yo.

### Kisa mwen ta dwe konnen sou kategori 'Atizay ak Kilti ki Enspire' a?

Kategori Atizay ak Kilti ki Enspire a konsidere enpotans atizay pou ranfòse divèsite ak kilti Miami-Dade County. Kategori sa a pral priyore opòtinite pou sipòte nouvo pwojè oswa agrandi pwojè travay atis yo, sitou pou ogmante aksè ak reprezantasyon nan sektè atizay la.

### Kisa mwen ta dwe konnen sou nouvo kategori 'Anviwonman Dirab' la?

Gras a yon nouvo patenarya avèk Konte Miami-Dade, gen plis finansman ki disponib ane sa a. Edikasyon sou anviwonman ak pwojè ki koresponn a enterè Konte Miami-Dade ap gen priyorite nan distribisyon finansman an. Tanpri li kategori a isit la pou plis enfòmasyon. Priyorite sa yo enkli:

1. "Yon Dlo, Yon Bè" - edikasyon sou dlo, polisyon dlo, konsèvasyon dlo, kalite dlo pou bwè, ak/ oswa prezèvasyon Biscayne Bay ak Florida Everglades
2. Chanjman klimatik - chalè ekstrèm, konsèvasyon enèji, forè iben (nan gran vil)
3. Edikasyon "Zero Gaspiyay"
4. Adaptasyon Chanjman Klima

### Ki diferan laj kategori sou 'Devlopman Jèn ak Fanmi' an vize?

Kategori sou Devlopman Jèn ak Fanmi sipòte tout fanmi an, depi jèn yo rive nan popilasyon granmoun aje yo. L ap konsidere pwojè k ap sèvi ti bebe ak timoun jiska jèn adilt ki nan ventèn yo ansanm ak òganizasyon k ap sèvi granmoun aje yo.

### Kòman pou m konnen nan ki kategori finansman òganizasyon m nan ta dwe aplike?

Tanpri aplike nan kategori finansman ki pi koresponn ak objektif e misyon òganizasyon w lan. Si an-plwaye Miami Foundation lan kwè yon aplikasyon ta pi konpetitif nan yon kategori diferan, Fondasyon an ap travay avèk kandida a pou rekategorize aplikasyon an. Sa se yon kesyon ekselan pou poze ekip Fondasyon an lè w vizite biwo a – tanpri klike la a pou w ka enskri nan lè pou randevou yo atravè Calendly.

## KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ

### Ki sa 'Sipò pou Bati Misyon' an ye?

Nou pran angajman pou kreye plis fleksibilite pou patnè san bi likratif nou yo. Finansman nou an fèt pou òganizasyon san bi likratif yo ka chwazi pi bon fason yo ka itilize fon yo pou sipòte travay yo ak enpak yo. Sipò pou Bati Misyon an gen entansyon pou avanse travay ak objektif nan tout òganizasyon an. Objektif Patnè pou Bati Misyon yo se pou yo reprezante yon resous kominotè solid. Souvan yo itilize lajan sa yo pou plis depans jeneral, ki ka gen ladan sipò pou operasyon oswa enfrastrikti pou sipòte sikse òganizasyonèl. Objektif yo pwopoze anjeneral konsantre sou aktivite ak rezilta nan tout òganizasyon an.

### Poukisa Fondasyon an mande enfòmasyon sou Divèsite, Ekite ak Enklizyon (DEI)?

Ekite se yon valè fondamantal nan Miami Foundation. Nou toujou ap aprann ak amelyore pratik nou yo pou yo reflekte ekite. Nou pral sèvi ak enfòmasyon DEI pou nou pi byen konpran ki moun nou ye epi ki moun nou pa rive jwenn, egalite modèl finansman nou yo, ak divèsite jeneral nan sektè san bi likratif Greater Miami. Nou poze kesyon sou lidè egzektif la, lidè siperyè (nivo direktè ak pi wo a), ak manm konsèy la paske yo enfluyans direksyon yon òganizasyon. Nou espere ke sa a pral pouse òganizasyon san bi likratif yo egzamine kijan divèsite, ekite, ak enklizyon reflekte nan òganizasyon pa yo.

Atravè pwosesis aplikasyon Sibvansyon Kominotè a, yo pral mande w pou pataje kijan travay ou pwopoze a ap fè efò pou pwomote ekite nan kominote ki fè fas ak majinalizasyon, epi ou ka endike nan ki zòn jeyografik ou konsantre travay ou an. Enfòmasyon DEI la pral ede nou konprann kiyès k ap dirije misyon an e ki direksyon òganizasyon an. Nou ap ankouraje w bay enfòmasyon sa a, men, nou bay opsyon ki di 'Prefere pa reponn' lan tou.

### Ki sa pwosesis revizyon ak seleksyon an ye?

Konseye Kominotè yo evalye aplikasyon yo avèk sipò anplwaye fondasyon an. Sa asire ke nou itilize pèspektiv pèsònèl ak pwofesyonèl ki gen rapò ak chak kategori finansman yo. Nou pral evalye chak aplikasyon sou sibstans li epi kijan li koresponn ak priyorite Sibvansyon Kominotè yo, epi n ap konsidere yo an konparezon ak lòt aplikasyon.

### Si aplikasyon m nan apwouve, eskè m ap jwenn tout lajan mwen te mande a?

Patnè nou yo te fè nou konnen ke finansman anyèl la pa t ase pou pote chanjman: alò n ap koute: Ane sa a, nou pral finanse sibvansyon pou dezan ak kantite lajan ki nesèsè dapre bidjè fonksyonman anyèl yon òganizasyon pou sipòte patnè nou yo avèk konfyans ak estabilite.

Kantite sibvansyon yo pral depann de bidjè fonksyonman anyèl yon òganizasyon, kòmanse nan \$30,000 pou rive a \$70,000 dola pandan dezan. Men sibvansyon total la, nou distribye nan yon peryòd dezan an, ap baze sou bidjè fonksyonman anyèl yon òganizasyon:

- Mwens pase \$500K | \$40,000 Prim Total
- Ant \$500K - \$1M | \$50,000 Prim Total
- Ant \$1M - \$5M | \$60,000 Prim Total
- Pi wo pase \$5M | \$70,000 Prim Total

## KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ

### Èske òganizasyon m nan dwe gen yon sèten dimansyon pou aplike?

Wi. Apre chak etap aplikasyon an, òganizasyon yo ap gen opòtinite pou pwograme tan ak anplwaye Fondasyon an pou diskite fidbak sou aplikasyon an.

### Si òganizasyon m nan resevwa yon sibvansyon, ki pwosesis ki an plas pou rapòte rezilta yo?

Sibvansyon Kominotè yo pral mande de rapò: yon “mizajou” pwovizwa anyèl apre premye ane a ak yon rapò final pou soumèt nan fen peryòd dezan sibvansyon an. Fondasyon an bay patnè yo kesyon pou yo reponn nan rapò a depi omwen yon mwa davans.

## ELIJIBILITE

### Èske òganizasyon m nan dwe gen yon sèten dimansyon pou aplike?

Non. Nou aksepte aplikasyon nan men tout dimansyon òganizasyon ki satisfè kritè elijibilite nou yo epi k ap travay pou reyalize objektif nou idantifye nan direktiv pwogram yo.

### Mwen se yon kolèj oswa inivèsite. Èske m ka aplike?

Wi. Kolèj ak inivèsite yo kalifye pou aplike pou yon Sibvansyon Kominotè. Ou ka soumèt jiska twa aplikasyon, epi yo chak ta dwe soti nan yon depatman oswa kolèj diferan.

### Mwen se yon legliz oswa yon òganizasyon ki baze sou lafwa. Èske m ka aplike?

Wi. Nou aksepte aplikasyon nan men òganizasyon ki baze sou lafwa e ki ofri pwogram, sèvis, oswa aktivite pou tout kominote a epi ki ann akò ak direktiv nou yo. Sepandan, nou pa finanse travay ki konsantre sou gaye kwayans yon espesifik relijyon oswa ki limite a sèvi sèlman manm òganizasyon w lan.

### Mwen se yon biwo gouvènman lokal. Èske m ka aplike?

Wi. Biwo gouvènman lokal yo elijib pou aplike pou Sibvansyon Kominotè. Ou ka soumèt jiska twa aplikasyon, epi chak ta dwe soti nan yon depatman diferan.

### Èske mwen ka aplike an patenarya ak yon lòt òganizasyon?

Wi. Nou ankouraje kolaborasyon. Patnè yo ta dwe chwazi yon òganizasyon pou sèvi kòm kandida prensipal pou pwogram nan. Sibvansyon an pral nan men kandida prensipal la pou jere l nan non lòt patnè yo. Kandida prensipal la ka soumèt yon aplikasyon poukont pal tou.

### Èske mwen ka aplike pou menm pwogram m te aplike pou li a, oswa ke m te resevwa finansman pou li ane pase a?

Wi. Nou ankouraje tout kandida anvan yo ki gen pwojè ki koresponn ak objektif nou yo pou aplike pou

## KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ

Sibvansyon Kominotè, kèlkeswa rezilta finansman yo te ye ane pase.

### Mwen gen aktyèlman yon sibvansyon atravè yon lòt pwogram Fondasyon. Èske m ka toujou aplike?

Wi. Nou pa limite òganizasyon san bi likratif yo pou yo resevwa finansman nan yon sèl pwogram. Ou ka aplike pou Sibvansyon Kominotè toutotan sibvansyon ou an (yo) an règ – tanpri kontakte direktè sibvansyon w la si w gen nenpòt kesyon.

### Èske mwen dwe gen yon “nouvo” pwogram oswa apwòch pou m aplike?

Non. Sibvansyon Kominotè ap sipòte nouvo pwojè ak sa ki deja egziste pou avanse objektif nou pou Greater Miami.

### Èske pwogram mwen an bezwen gen lòt finansman pou aplike?

Non. Malgre nou ankouraje w pou endike lòt sous finansman, konfime oswa potansyèl, pou ka montre dirabilite travay ou a, nou rekonèt se pa tout pwojè ki bezwen plizyè finansman. Nou pa egzije pou w gen lòt finansman oswa finansman siplemantè.

### Òganizasyon mwen an se yon ansyen benefisyè pwogram Edikasyon Anviwonman Miami-Dade County ak sibvansyon kominotè Miami Foundation, èske mwen limite a sèlman yon aplikasyon kòm tou de pwogram yo fizyone kounye a?

Non, ansyen benefisyè konte yo nan pwogram Edikasyon Anviwonman an elijib pou soumèt de aplikasyon separe si youn se pou kategori Dirabilite Anviwonman. Nou fè e ksepsyon sa a sèlman pou ansyen benefisyè sibvansyon Edikasyon Anviwonman Miami-Dade County an.

### Kòman pou mwen kontakte ekip Fondasyon an si m gen plis kesyon?

Nou ankouraje tout òganizasyon k ap konsidere aplike, sitou kandida k ap applike premye fwa yo, pou patisipe nan yon 20 minit reyinyon (pa obligatwa), kap fèt sou Zoom ak anplwaye Fondasyon an pou jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite sibvansyon an bay, pataje travay ou ak enpak ou, epi poze nenpòt kesyon ou ka genyen. [Klike la pou w pran randevou atravè Calendly.](#)

Si w gen kesyon nou pa t reponn apre w fin li direktiv yo, paj wèb pwogram lan ak lis FAQ sa a nèt, tanpri kontakte Vicky Checo, Direktè Angajman Kominotè, [vcheco@miamifoundation.org](mailto:vcheco@miamifoundation.org).

**KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ**

**ENFÒMASYON SOU FONDASYON MIAMI**

Fondasyon Miami an bati yon pilye filantwopik, sivik, ak lidèchip pou Greater Miami. Depi 1967, Fondasyon an te envesti \$485 milyon dola pou ranfòse kominote nou an gras a patenarya epi kontribisyon plis pase 1,000 fondatè ak 35,000 donatè. Fondasyon Miami an, ki kounye a jere plis pase \$350 milyon dola nan byen, mobilize donatè, òganizasyon san bi likratif, lidè, ak moun lokal yo pou fikse yon vizyon radikal pou avni kominote nou an epi pou envesti nan yon Greater Miami ki pi solid, ki pi ekitab, ki pi rezistan.

**KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ**

**KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ**

**KESYON YO POZE SOUVAN SOU SIBVANSYON KOMINOTÈ**